

No. 109

E G Z E K I T I F D E K R È

POU PWOLONJE DEKLARASYON ETA DIJANS NAN KONTE BRONX, KINGS, NASSAU, NEW YORK, ORANGE, PUTNAM, QUEENS, RICHMOND, ROCKLAND, SUFFOLK, SULLIVAN, ULSTER AK WESTCHESTER

ALÒSKE, nan dat 26 oktòb 2012, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 47 pou deklare yon ijans akòz katastwòf nan tout 62 konte Eta New York yo; epi

ALÒSKE, nan dat 24 avril 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 98 pou pwolonje deklarasyon eta dijans nan konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester pandan katrevendis jou; epi

ALÒSKE, apati dat 29 oktòb 2012 ak pou yon peryòd ki kontinye annapre, Sipè Ouragan Sandy te pote van devastatè ak lavalas lapli ki koze inondasyon san parèy ak ond tanpèt grav nan tout Eta New York, kote sèten zòn toujou ap lite pou retabli; epi

ALÒSKE, enstalasyon Metropolitan Transportation Authority yo ak sikisal ouben sosyete afilye li yo (yo rele ansanm, “MTA” a) te sibi gwo tonton domaj pandan pasaj Sipè Ouragan Sandy; epitou

ALÒSKE, nan dat 17 me 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 99 pou sispann dispozisyon Lwa sou Otorite Piblik yo pou pèmèt MTA akselere atribisyon kontra yon fason pou egzekite rapidman travay reparasyon, rekonstriksyon, reyabilitasyon ak atenyayson ki enpòtan ak nesèsè yo epi pou maksimize itilizasyon lajan asistans federal la; epi

ALÒSKE, nan dat 18 jen 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 101 pou pwolonje sispansyon dispozisyon Lwa sou Otorite Piblik yo konfòmman ak Dekrè Egzekitif Nimewo 99; epi

ALÒSKE, Seksyon 29-a Lwa Egzekitif la prevwa pa dwe gen sispansyon ki fèt nan lwa yo pou yon peryòd tan ki depase trant (30) jou, men depi sispansyon an ka pwolonje pou yon lòd peryòd trant (30) jou sou konsiderasyon tout enfòmasyon ak sikonstans enpòtan yo;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen, epi apre mwen te konsidere tout enfòmasyon ak sikonstans, fè sa ki anba la a:

1. Deklarasyon eta dijans ki òdone nan Dekrè Egzekitif Nimewo 47 epi pwolonje nan Dekrè Egzekitif Nimewo 98 dwe kontinye pou konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester pandan katreven jou;
2. Sispansyon dispozisyon obligatwa ki òdone nan Dekrè Egzekitif Nimewo 99, jan sa pwolonje nan Dekrè Egzekitif Nimewo 101, dwe kontinye jiska 15 dawout 2013;

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, kenzyèm jou mwa jiyè nan ane
de mil trèz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a